



Pou Piblikasyon Imedya: 18/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AP SELEBRE OUVÈTI SANT AKÈY RALPH C. WILSON, JR.  
EPI ANONSE LÒT ENVESTISMAN NAN NIAGARA FALLS**

***Sant Akèy dènnye kri 46 milyon dola a ouvri nan Pak Eta Niagara Falls kote l ofri  
yon gwo espas arive pou vizitè yo***

***Niagara Arts and Cultural Center ak Simityè Oakwood resevwa finansman Eta a  
pou fè amelyorasyon***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a mete ansanm ak lidè eli ak lidè kominotè yo pou ouvri ofisyèlman Sant Akèy Ralph C. Wilson, Jr. (Ralph C. Wilson, Jr. Welcome Center) nan Pak Eta Niagara Falls. Etablisman 46 milyon dola a pral bay amenajman modèn pou plizyè milyon vizitè ki rive nan pak la chak ane epi bay enfòmasyon sou tout sa zòn Niagara Falls gen pou l ofri pou vizitè yo. Gouvènè a te anonse tou de lòt pwojè—renovasyon oditoryòm Niagara Arts and Cultural Center (Sant Atistik ak Kiltirèl Niagara) ak restorasyon bilding istorik nan Simityè Oakwood—ki pral konplete Sant Akèy la epi sipòte objektif jeneral pou amelyore eksperyans vizitè yo nan Niagara Falls.

"Pa gen okenn kote nan mond lan tankou Niagara Falls, epi pak Eta nou an te toujou yon limyè bote natirèl ak siyifikasyon istorik, ki kaptive atansyon vizitè yo ak peyizaj enspiran li yo ak kaskad dlo ikonik yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a, nou revele angajman nou pou nou amelyore jwayo eta sa a pi plis toujou pandan n ap dewoule tapi byenvini an pou akeyi mond lan nan bèl jwayo natirèl eta nou an. Nouvo bilding sa a se yon bèl adisyon nan pak ki deja sansasyonèl sa a epi li pral ede vizitè yo planifye alafwa vizit yo nan pak la ansanm ak anpil biznis ak atraksyon Vil Niagara Falls ak Lwès New York gen pou ofri."

**Sant Akèy Ralph C. Wilson, Jr. nan Pak Eta Niagara Falls**

Sant vizitè 28,000 pye kare a gen mi an vè ak yon do kay ki ba pou maksimize panorama ak koneksyon avèk kaskad la. Sa gen ladan nouvo gichè biyè ak enfòmasyon; nouvo espas konsesyon; twalèt ak espas sipò asosye, yon jeneratè fotovòltayik sou do kay la, vit ki fèt espesyalman pou evite zwazo kraze l, bagay ki vèt sou do kay la ak yon bilding twalèt separe. Enstalasyon ki amelyore nan sit la genyen nouvo pakou ki aksesib; plant natif natal; ak eleman ki endike wout. Bilding administrasyon rejyonal 7,000 pye kare ki egziste a ki akote etablisman an ap adapte pou enkli yon sal kominotè ki gen plizyè fonksyon, achiv rejyonal, ak biwo pou anplwaye

entèpretasyon rejyonal Niagara yo. Mi an vè ak konstriksyon pwofil ba ede maksimize vi ki bay sou kaskad la.

Faz final pwojè a, ki pral fini nan yon dat pita, pral prezante espas mize entèpretasyon ki gen ladan yon eksperyans ak ekspozisyon ki mete aksan sou yon divèsite sijè tankou istwa natirèl, endistriyèl ak Endijèn Ameriken, ansanm ak ekspozisyon deyò ak siyalizasyon entèpretasyon.

Se GWWO Architects of Baltimore ki te konsevwa bilding lan epi R.P. Oakhill Building Company of Buffalo te konstwi li. Lòt kontribitè nan bilding lan enkli The LiRo Group, Ty Lin, Trowbridge Wolf Michaels, yon estidyo achitekti peyizaj Fischer Associates ak konseptè ekspozisyon Haley Sharpe Design nan Wayòm Ini a ak Toronto. Fondasyon Ralph C. Wilson Jr. te bay 8 milyon dola nan pwojè sa a epi kòm rezilta yo nonmen l nan onè li. Wilson te pwopriyetè Buffalo Bills ak yon ko-fondatè Lig foutbòl Ameriken an.

Pwojè sa ap konplete revitalizasyon 150 milyon dola peyizaj Pak Eta Niagara Falls la. Lanse an 2011, plan revitalizasyon Pak Eta Niagara Falls la te yon angajman sou plizyè ane pou renove pak la nan yon fason ki pi byen reflekte vizyon Frederick Law Olmsted, moun selèb ki te konsevwa pak la, te genyen pou peyizaj li. Plan an te renove zòn vizyèl majè pak lan yo ki gen pami yo Luna Island, Prospect Point, Lower Grove, Three Sisters Islands, North Shoreline Trail, Luna Bridge, ak Terrapin Point ak nouvo twotwa pou pyeton yo, peyizaj ki ranfòse, nouvo ban yo, poto limyè ak balistrad yo. Paviyon entèaktif Kavèndèvan (Cave of the Winds) an, ki mete aksan sou istwa natirèl ak kiltirèl Niagara Falls la, te ouvri an 2017. Eliminasyon Niagara Scenic Parkway (fòmèlman Robert Moses Parkway) nan vil Niagara Falls bay aksè san parèy nan Niagara Gorge lè li konekte vil la ak bò lanmè li pou premye fwa nan yon jenerasyon epi li se pi gwo ekspansyon Pak Eta Niagara Falls depi kreyasyon pak la.

Pak Eta Niagara Falls se yon trezò pou eta a ak pou nasyon an. Kreye an 1885, li se pak eta ki pi ansyen nan nasyon an, epi li atire plis pase 9 milyon vizitè chak ane.

Natural Heritage Trust te jere sibvansyon Ralph C. Wilson Jr. Foundation nan non Pak Eta yo. Natural Heritage Trust se yon kòporasyon enterè piblik ki pa gen bi fè pwofi avèk misyon pou resevwa ak administre kado, sibvansyon ak kontribisyon pou sipòte pwogram piblik yo pou pak, lwazi, aktivite kiltirèl, konsèvasyon tè ak dlo ak pou rezon prezèvasyon istorik Eta New York. NHT akonpli misyon li nan aksepte don, ranmase lajan, ak atravè pwogram koperativ ak pwojè ak patnè ajans li yo: Enfòmasyon sou Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (OPRHP) Eta New York, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Deta (Department of State, DOS). Pou plis enfòmasyon vizite [www.naturalheritagetrust.org](http://www.naturalheritagetrust.org).

### **Niagara Arts and Cultural Center**

NACC, ki chita nan 1201 Pine Avenue anndan ansyen Niagara Falls High School, pral sibi yon renovasyon 8.5 milyon dola nan oditoryòm li a. Oditoryòm 1,000 plas la pral retabli nan grandè istorik orijinal li pandan l ap entegre ekipman, teknoloji, ak espas sipò

ki nesesè pou transfòme espas teyat la pou tounen yon lokal ki apwopriye pou òganize pwodiksyon modèn an dirèk. Yo pral renove tou twalèt ki toupre teyat la. Pwojè a gen sipò yon sibvansyon kapital 4 milyon dola ki soti nan Pwogram Asistans Kominote Ekonomik Rejyonal la, ke Empire State Development jere.

Sant kiltirèl ki konsantre sou kominote a se yon òganizasyon 501c3 san bi likratif ki gen plis pase 100 atis – ki gen ladan atis pent, eskiltè, seramis, edikatè, menwizye, fotograf, konpayi teyat, konpayi dans ak plis ankò – nan estidyo ak espas pwogramasyon yo. Li sipòte atis ki gen pratik kolaborasyon, karyè pwofesyonèl, ak moun ki enterese kontribiyè nan ekosistèm kreyatif Lwès New York sou 180,000 pye kare, ki gen ladan twa teyat, de galeri piblik ak anpil ki prive, yon estasyon radyo, espas sal klas piblik, Starry Night Café, ak boutik kado NACC. Ansyen bilding Niagara Falls High School la fè pati Rejis Nasyonal Plas Istorik yo.

### **Simityè Oakwood**

Pwojè 2.5 milyon Simityè Oakwood la pral pèmèt restorasyon ak reparasyon plizyè bilding istorik ki nan simityè a, ki te etabli anvan Gè Sivil la, epi ki se youn nan pi gwo resous istorik ki rete nan Niagara Falls. Sit 7 ekta a, ki chita nan 763 Portage Road, toujou kenbe peyizaj orijinal T.D. Judah li te fèt (ki gen ladan senk estrikti istorik).

Pwojè a ap jwenn sipò yon sibvansyon 2.25 milyon dola Pwogram Asistans Kominote Ekonomik Rejyonal ki soti nan Empire State Development epi li pral gen ladan nouvo twati, reparasyon estriktirèl, travay wòch ak penti pou Chapèl ki te konstwi an 1877, bèl mozole an mab Green & Wicks ki te konstwi an 1913, ak Biwo Stone ki te konstwi an 1922. Tout bilding yo pral itilize pou touris eritaj alavni ak pwogramasyon an konjonksyon avèk Zòn Eritaj Nasyonal Niagara Falls la.

Pami moun ki te antere nan Oakwood, youn se Annie Edson Taylor, premye moun ki te vwayaje nan yon baril, ak anpil fanmi ki gen non ki asosye ak kwasans ak devlopman Niagara Falls kòm yon gwo vil endistriyèl ak yon atraksyon touris ki gen renome nan tout mond lan. Simityè a gen ladan tou yon memoryal pou veteran Lagè Sivil la ak anpil egzanp eksepsyonèl antèman ki gen ladan obelisk, sakofaj ak bèl estati. Anplis de sa, peyizaj la chaje ak plantasyon ak pyebwa mati, anpil ladan yo la depi nan kòmansman simityè a. Simityè Oakwood la fè pati Rejis Nasyonal Plas Istorik yo.

**Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York lan, Erik Kulleseid, te deklare,** "Nou kontan anpil pou nou finalman akeyi vizitè yo nan bilding sa a. Nou tèlman fyè de li epi nou espere ke l ap ede fè vizit nan Niagara Falls yo vin pi memorab toujou. Nou gen konfyans bilding lan pral yon pwen depa pou ankouraje vizitè yo eksplòre tout sa yon moun ka fè deyò pak la, epi ede ranfòse ekonomi touris rejyonal la".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Yon apwòch kolaboratif nan touris se estrateji Gouvènè Hochul itilize pou kwasans ekonomik nan Vil Niagara Falls. Kaskad dlo mayifik yo atire moun nan vil la, men chak pwojè ki ajoute nan eksperyans vizitè a bay yon opòtinite

pou touris yo rete pi lontan ak ranfòse klima biznis la an jeneral. Nou espere wè touris yo kòmanse nan nouvo sant akèy pak la akote kaskad la, answit ale nan vil la pou pase tan ap jwi yon espektak nan sant atistik renove a ak fè yon vizit nan simityè istorik la."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Ralph C. Wilson, Jr Foundation lan, David Egner, te deklare,** "Envestisman kolektif sa yo ap kontribiye, yo tout, nan kòmansman yon moman transfòmasyon pou vil Niagara Falls ak rejyon Lwès New York la. Soti nan nouvo Sant Akèy Ralph C. Wilson, Jr. ki refèt la ak gwo amelyorasyon nan pak yo rive nan envestisman kolektif yo atravè byen kiltirèl ak istorik nou renmen anpil nan kominote a, enpak la pral evidan lè l pi bon eksperyans vizitè yo mennen nan sejou pwolonje ak depans nan vil la ak rejyon an ak rezidan yo pwofite avantaj ekonomik ak amelyorasyon kalite lavi ki vini ak lwazi deyò ki pi aksesib ak yon koridò anba lavil ki aktif ak adapte pou mache."

**Senatè Eta a Rob Ortt te deklare,** "Avèk ouvèti nouvo sant akèy la ak devouman kontinyèl resous ak reyamenajman Pak Eta Niagara Falls ak zòn ki alantou yo, nou kapab asire Niagara Falls rete yon bèl kote pou vizite pou rezidan Lwès New York ak vwayajè entènasyonal yo. Amelyorasyon sa yo pral kontinye fè Niagara Falls se motè ekonomik li ye pou tout Lwès New York".

**Manm Asanble Angelo Morinello te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li nan Niagara Falls. Ouvèti Sant Dakèy la ak sipò Oakwood ak NACC se yon bèl etap nan direksyon devlopman kontinyèl nan enfrastruktir touris nou an. Plizyè milyon moun vin isit la chak ane epi envestisman sa yo pral ede asire yo gen yon vizit memorab."

**Majistra Niagara Falls la, Robert Restaino, te deklare,** "Ouvèti sant akèy dènye kri sa a kontinye ak angajman Eta New York pou kreye yon eksperyans ki enteresan nan pak eta ki pi ansyen nan peyi a. Envestisman adisyonèl nan NACC ak Oakwood ede sipòte misyon administrasyon nou an pou amelyore byen vil la pou rezidan lokal yo ak vizitè yo itilize ak jwi. Nou apresye dèske Gouvènè Hochul pataje vizyon sa a epi nou remèsye li pou patenarya li k ap kontinye."

**John Percy nan Niagara Falls Tourism and Convention Corp te deklare,** "Ouvèti Sant Dakèy Ralph C. Wilson, Jr. nan Pak Eta Niagara Falls ki te fèt anvan lè yo prevwa a pral atire plis atansyon mond lan sou destinasyon nou an nan yon pwendvi medya ak vizitè. Ekipman Sant Dakèy la ansanm ak amelyorasyon nan Niagara Arts and Cultural Center a ak Simityè Oakwood se konpleman pafè mèchè natirèl ke Niagara Falls ye. Nou espere akeyi alafwa rezidan lokal yo ak vizitè ki soti toupatou nan mond lan pou fè eksperyans tout sa Niagara Falls USA ap ofri."

**Direktè Egzekitif Sant Atistik ak Kiltirèl Niagara a, Kevin Leary, te deklare,** "Depi Niagara Arts and Cultural Center (NACC) te fonde, retabli teyat istorik nou an se te yon bagay nou vize. Envestisman jenere Empire State Development – anplis envestisman Patenarya Revitalizasyon Rejyonal la – pèmèt NACC jwenn opòtinite pou reyalize pati entegral devlopman nou an. Nou rekonesan pou chans nou genyen pou nou ogmante

kapasite nou pou sèvi rezidan WNY ak vizitè yo avèk bon jan kalite eksperyans atistik pwofesyonèl sou atizay pèfòmans ak mennen inisyativ revitalizasyon nan koridò biznis Pine Ave."

**Prezidan Konsèy Administrasyon Oakwood, Judie Glaser, te deklare** "Simityè Oakwood rekonesan anpil pou finansman jenere sa a nan men Eta New York. Antanke gadyen anpil vwazen ak zanmi, ansanm ak veteran, fondatè vil la, avantiryè ak lòt moun, li vrèman enteresan dèske nou kapab retabli ak refè bilding istorik ak bèl sa ki dekore teren nou yo. Nou pa ka sispann remèsye Gouvènè Hochul ak Niagara Falls Heritage Area ase paske yo te mennen inisyativ sa a pou jwenn finansman pou benefisye Oakwood ak tout moun ki rete isit la."

### **Patenarya Revitalizasyon Rejyonal la**

Patenarya pou Revitalizasyon Rejyonal (Regional Revitalization Partnership, RRP) se yon estrateji devlopman ekonomik konplè 300 milyon dola ak patenarya piblik-prive ki maksimize enpak ak ogmante investisman adisyonèl pou Kot Lès Buffalo, Niagara Falls ak Rochester. Estrateji kolaborasyon sa a ki baze sou kominote a itilize yon apwòch global, enklizif nan devlopman ekonomik epi li fèt pou konstwi richès kominote a atravè plizyè chemen. RRP a te devlope an kolaborasyon avèk Gouvènè Eta New York Kathy Hochul ak Empire State Development (ESD) epi li jwenn sipò Ralph C. Wilson, Jr. Foundation, Farash Foundation, ESL, KeyBank/First Niagara Foundation, M&T Bank ak patnè yo nan vil Buffalo, Niagara Falls ak Rochester.

### **Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) nan Eta New York**

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, ki te wè yon kantite rekò 79.5 milyon vizitè an 2022. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite [parks.ny.gov](https://parks.ny.gov), telechaje [aplikasyon mobil NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele 518.474.0456. Rejwenn nou nan selebre Santènè nou an pandan tout 2024 la, epi konekte avèk nou sou [Facebook](#), [Instagram](#), [Twitter](#), ak [OPRHP Blog](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](https://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)